

Patient Education

Tès pou maladi kowonaviris 2019 (COVID-19)

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Poukisa yo sèvi ak pwosedi sa a?

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li. Doktè yo gendwa mande tès pou konnen si w gen enfeksyon COVID-19 la. Yo gendwa mande tès tou pou konnen si w te deja gen COVID-19 anvan.

Li enpòtan pou konnen ki kalite tès ou bezwen. Doktè yo itilize yon tès viral pou konnen si w gen COVID-19. Leplisouvan, yo sèvi ak yon aplikatè pou nen an oswa pou gòj la. Yon lòt kalite tès pou COVID-19 yo itilize se yon analiz san pou konnen si kò w te pwodui antikò pou viris la. Si w gen antikò, sa vle di ou te pran viris la deja.

Ki rezilta li pral bay?

Tès viral (aplikatè pou nen an oswa pou gòj la):

- Doktè a pral egzamine rezilta tès la. Doktè a gendwa aprann ou gen sentòm yon maladi. Ou ka gaye maladi sa a bay lòt moun byen fasil oswa gen plis chans pou w vin malad anpill.
- Si rezilta yo pozitif, sa vle di ou gen yon enfeksyon aktif. Ou ka gen sentòm maladi a oswa ou ka pa gen okenn sentòm.
- Si rezilta yo negatif, sandout sa vle di ou pa t enfekte nan moman ou te fè tès la. Se yon lòt maladi ki gendwa lakòz sentòm ou yo. Sa pa vle di pa gen posiblite pou w pran COVID-19.

Analiz san (tès antikò):

- Doktè a pral egzamine rezilta tès la.
- Si rezilta yo pozitif, sa vle di gen yon lè ou te enfekte. Ou ka gen yon iminite pou maladi a, men doktè yo pa konnen si ou pap ka malad ankò ni pou konbyen tan.
- Si rezilta yo negatif, sa vle di kò w pa t pwodui antikò pou COVID-19. Leplisouvan, sa vle di ou pa t janm pran enfeksyon an. Osinon, sa ka vle di ou fèk pran enfeksyon an men kò w poko gentan pwodui antikò.
- Tès sa a itil otorite sante piblik yo poutèt li ede yo suiv maladi a. Li pa tèlman itil si se konnen ou bezwen konnen si w gen yon enfeksyon aktif.

Ki sa k pral pase anvan pwosedi a?

- Pa gen okenn bagay espesyal ou bezwen fè anvan tès la.
- Pale ak doktè w sou:

- Tout medikaman w ap pran yo
- Si w gen yon pwoblèm senyen

Ki sa k pral pase pandan pwosedi a?

Tès sa a ap pran kèk minit sèlman. W ap je klè pandan tout tan sa a.

- **Tès viral:** Yon manm pèsònèl medikal la pral mete yon aplikatè nan nen w e l ap deplase l. Pafwa, yo ka pase aplikatè a sou toule de bò nen w oswa nan gòj ou. Ou gendwa pa fin santi w alèz, men sa ap dire kèk segonn sèlman.
- **Analiz san:** Pèsònèl medikal pral rale yon ti kantite san nan kò w ak yon zegui. Ou ka santi yon ti doulè. Y ap retire zegui a e y ap mete yon bandaj sou po w. Pafwa, yo ka pike dwèt ou pou rale yon ti kantite san pou analiz la.

Ki sa k pral pase apre pwosedi a?

- Li gendwa bon si w chita pandan kèk minit anvan w leve kanpe. Konsa ou pap gen toudisman apre tès la.
- Si w te resevwa yon analiz san, sèvi ak lòt men w pou mete presyon kote zegui a te antre a. Sa pral soulaje mak kou a ak senyen an.
- Mande doktè w ki lè w ap jwenn rezilta yo.

Ki swen y ap bezwen bay lakay?

Si w panse ou gen COVID-19 oswa si w te an kontak ak yon moun ki genyen maladi sa a, evite lòt moun pou omwen 14 jou.

Ki suivi y ap bezwen bay?

Doktè w gendwa mande w vin nan biwo li plizyè fwa pou l ka suiv eta w. Pinga w manke randevou sa yo.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Doulè
- Blese
- Senyen
- Toudisman

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tès, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devri ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy,

enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All Rights Reserved.